WIKIPÉDIA

Tok Pisin

Tok Pisin (Tok Pisin [ˌtokpiˈsin]) iku salah sawijining basa kréol kang ana ing Papua Nugini. Basa iki basa resmi ing Papua Nugini lan basa kang dipituturaké ing saindenging nagara iku. Sanajan ta mangkono, ing sawatara tlatah: Western, Gulf, Central, Oro, lan Teluk Milne, tuturané basa iki isih anyar lan ora umum mligi kanggo para wong tuwa. Tok Pisin dadi basa kang madeg ijen sanajan kawitané mligi minangka basa kanggo dol-tinuku, utawa diarani pijin. Déning panyatur basa Inggris, basa iki diarani ***New Guinea Pidgin*** (Pijin Nugini) utawa *Pidgin English* (Basa Inggris Pijin).

Tok Pisin	
Asal	Papua Nugini
Panyatur asli	120 (2004)[1] 4 yuta L2 speakers (ora ana tanggal)[2]
Kulawarga basa	Kréol Inggris ▪ Pasifik ▪ **Tok Pisin**
Aksara	Aksara Latin (Aksara Tok Pisin) Braille Pijin
Status resmi	
Basa resmi ing	Papua Nugini
Kodhe basa	
ISO 639-2	tpi
ISO 639-3	tpi
Glottolog	tokp1240 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/tokp1240)[3]
Linguasphere	52-ABB-cc


Ing Papua Nugini, ana kira-kira antara lima nganti enem yuta wong nganggo basa Tok Pisin ing sawatara tataran, sanajan ora kabéh bisa ngomong basa iki ing cara kang apik.Akèh kang nyinaoni basa iki dadi basa ibu, mligi bocah-bocah kang wong tuwané utawa embahé nganggo basa bédha-bédha. Saliyané iku dipituturaké ing tlatah kutha, pulisi lan bala uga nganggo basa Tok Pisin kanggo talimarga dina-dina, sanajan ora nganti lancar (*tok ples*), utawa nyinaoni basa liyané, sakbaré Tok Pisin (lan manawa Inggris). Ana manawa sakyuta wong kang nganggo basa Tok Pisin dadi basa mligi saiki.

Isi

Jeneng Tok Pisin

Tok asalé saka tembung Basa Inggris "talk", nanging uga duwé pangetrap kang amba, uga njarwakaké "aba", "sesorah", or "basa". Sawetara *Pisin* asalé saka basa Inggris ya iku *pidgin*; ukara iki pungkasané ngetrap saka arti *dedagangan*, kang wujud lumrah ing sesambungan antar bangsa. ‘’Tok Pisin’’ uga mau minangka ‘’’Pijin Gini Anyar’’’(New Guinea Pidgin) [4] ing Basa Inggris. Kanggo warga Papua Nugini panyatur Basa Inggris, Tok Pisin mung diarani “Pijin” waé.[5]. Nanging para ahli basa luwih seneng nganggo ukara ‘’’Tok Pisin’’’ amarga nganggep basa iki adeg-adeg dhéwé lan ora namung ‘’lingua franca’’ kang dianggo sesambungan warga kang bédha basané. Iku amarga basa iki uga wis dadi basa ibuné akèh wong.

Gegebengan



A 1971 reference book on Tok Pisin (then called *Melanesian Pidgin*).

Basa Tok Pisin iku asil saka amoran déning rena-rena wong kapuloan Pasifik kang ngganggo basa kang bédha-bédha. Wong-wong iki digawa ing kebon-kebon ing tlatah Queensland lan pulo-pulo liyané. Saka kono, para bau iki ngembangaké basa pijin kanggo sesambungan, lan njupuk tembung-tembungé mligané saka basa Inggris. Kajaba Inggris, uga njupuk saka Basa Jérman, Basa Melayu, Basa Portugis lan basane dhéwé kang kalebu Basa-basa Austronésia kaya ta Basa Kuanua kang dipituturaké Wong Tolai ing East New Britain.

Pijin dhedhasar Inggris iki dadi Tok Pisin ing sisih Papua Nugini Jérman kang nganggo Basa Unserdeutsch, basa kréol dhedhasar Basa Jérman. Basa iki didhadékaké basa lingua franca –lan basa sesambungan padinan antaraning nayaka karo wargané, lan antaraning wong kang bédha basané. Tok Pisin lan sadhulurané Basa Bislama ing Vanuatu lan Basa Pijin ing Kapuloan Solomon dianggep rata dadi dhialèk Basa Inggris Pijin Melanesia utara Basa ‘’Neo Melanesia’’.

Dikara Resmi

Bebarengan karo Basa Inggris lan Hiri Motu, Basa Tok Pisin dadi salah sawijining basa resmi ing Papua Nugini. Basa iki dipituturaké ing dhébat-dhébatan national parliament. Seseratan pamaréntah akèh ditulis ing basa Inggris, nanging kaya kampanye, utawa wara-wara umum racaké nganggo Tok Pisin, sebagén utawa kabèh. Sanajan basa sesambungan ing pangajaran dipituturaké ing Basa Inggris, ana sekolah-sekolah kang nganggo Basa Tok Pisin mligané nganti kelas telu SD kanggo ngembangaké kapinteran maca tulis saka pramila.

Rujukan

1. Tok Pisin (http://www.ethnologue.com/language/tpi) ing *Ethnologue* (éd. ka-18, 2015)
2. Tok Pisin (http://archive.ethnologue.com/15/show_language.asp?code=tpi) ing *Ethnologue* (ed. ka-15, 2005)
3. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Tok Pisin" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/tokp1240). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
4. E.g. Nupela Testamen bilong Bikpela Jisas Kraist, 1969.
5. The published court reports of Papua New Guinea refer to Tok Pisin as "Pidgin": see for example *Schubert v The State* [1979] PNGLR 66.